

# Dwa ak Responsablitè Patisipan nan Pwogram WIC Maryland lan

## Dwa mwen yo

- **Manje WIC yo:** Mwen pral jwenn yon enstriman alimantè (kat eWIC) pou achte manje ki bon pou sante.
- **Enfòmasyon sou nitrisyon:** Mwen ap resevwa enfòmasyon konsènan manje an sante ak yon mòd vi aktif.
- **Sipò pou alètman:** WIC pral ede ak sipòte mwen ak alètman.
- **Enfòmasyon sou swen sante:** Mwen ap resevwa enfòmasyon sou vaksinasyon ak lòt sèvis mwen ta ka bezwen.
- **Tretman ekitab:** Règ pou aplike pou WIC se menm pou tout moun. Mwen ka mande pou yon anplwaye WIC pou yon Odyans san Patipri si yon moun di m mwen pa ka sou WIC epi mwen pa dakò.
- **Koutwazi komen:** WIC ak anplwaye magazen yo ap trete m ak koutwazi ak respè. Mwen ka di anplwaye WIC yo ke mwen ta renmen depoze yon plent si yo pa trete mwen avèk respè. Mwen kapab pote yon plent tou devan USDA nan adrès ki anba a.
- **Enfòmasyon sou transfè:** Si mwen ap deplase, mwen ka transfere WIC mwen an nan yon lòt eta. Mwen ka mande pou yo banm dokiman transfè pou mwen ale ak yo.

## Responsablitè

### mwen yo, mwen

#### konprann ke:

- WIC pa bay tout manje oswa lèt pou bebe ki nesesè pou yon mwa e ke avantaj ki rete yo pap ajoute sou pwochen mwa a.
- Si mwen pèdi kat eWIC mwen an, li ka ranplase. Si èd alimantè mwen yo ekspire anvan mwen resevwa yon nouvo kat eWIC, yo pap ranplase avantaj yo.
- Yo ap soumèt enfòmasyon mwen bay Pwogram WIC a nan kad asistans Federal mwen resevwa a. Ofisyèl pwogram yo ka verifye enfòmasyon yo bay yo.
- Enfòmasyon ki idantifye yon patisipan WIC ap pataje ak moun sa yo ki konekte dirèkteman avèk administrasyon, ranfòsman, oswa odit Pwogram lan.
- Sekretè Depatman Sante Maryland lan ka otorize piblikasyon enfòmasyon yo bay reprezantan òganizasyon piblik yo ki sèvi moun ki kalifye pou Pwogram WIC a. Yon lis òganizasyon sa yo disponib sou demann nan Pwogram WIC a.
- Yo ap itilize enfòmasyon yo bay òganizasyon yo sèlman nan objektif pou detèmine kalifikasyon patisipan WIC yo pou pwogram li administre yo, fè kontak ak patisipan WIC pou pwogram sa yo, evalye kapasite Eta pou reponn a bezwen swen sante ak rezulta patisipan WIC yo, oswa pou senplifye pwosedì pou patisipe nan pwogram sa yo.

### Mwen dakò pou mwen swiv règ ki anba yo. Mwen pral:

- Toujou mache ak prèv idantifikasiyon mwen (ID) nan chak vizit klinik.
- Bay tout dokiman Pwogram WIC yo mande nan yon tan awopriye.
- Sèvi ak manje ak lèt pou bebe WIC yo sèlman pou moun ki sou WIC.
- Rapòte pèt, vol, oswa kat eWic ki andomaje yo jan yo endike sa.
- Asire m ke kèlkeswa moun mwen nonmen pou itilize avantaj mwen yo, yo konnen Dwa ak Responsablitè WIC yo. Mwen ap aprann yo kouman pou yo sèvi ak avantaj mwen yo kòrèkteman.
- Respekte lè randevou WIC mwen yo oswa rele klinik lan pou ranvwaye randevou a. Si mwen pa rive pran avantaj yo pandan de (2) fwa swivi, yo ka retire mwen nan Pwogram nan.
- Pa vann, fè kado oswa echanje kat eWIC mwen an, manje mwen yo, oswa lèt pou bebe pou lajan, kredi, prim pou rediksyon oswa lòt atik. Si mwen gen atik WIC mwen pa ka itilize, mwen ap retounen yo bay klinik la.
- Pa afiche atik WIC sou entènèt la pou vann oswa fè echanj.
- Pa joure, rele, anmède, menase, oswa blese fizikman WIC oswa anplwaye magazen yo; oswa andomaje WIC oswa pwopriyete magazen an.
- Pa enskri yon timoun ki pa sou responsabilite legal oswa deziyen mwen.
- Pa enskri nan WIC nan plis pase yon Eta oswa resevwa benefis nan plis pase yon klinik WIC chak mwa.

### Mwen dakò bay enfòmasyon vrè e ki konplè konsènan:

- Idantite mwen, eta gwosè ak adrès mwen.
- Kantite moun k ap viv nan kay mwen an.
- Revni total tout moun k ap viv nan kay mwen an.

- Si mwen sou Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè Maryland lan, ki refere tou kòm Koupon pou Manje oswa SNAP, oswa Asistans Lajan Kach Tanporè ( (TCA an anglè) (Temporary Cash Assistance (TCA)).
- Tout chanjman nan sikonstans lavi (pa egzanp, mwen ap notifye WIC si mwen gen chanjman nan revni mwen oswa gwosè fanmi mwen oswa si mwen demenaje).

### **Siyati mwen nan sistèm WIC la vle di ke:**

- Enfòmasyon mwen te bay pou detèminasyon kalifikasyon yo kòrèk dapre konesans mwen.
- Mwen konprann e mwen dakò ke fè yon fo oswa yon deklarasyon ki pou twonpe moun oswa fè movèz reprezantasyon, kache, oswa kenbe enfòmasyon entansyonèlman ka lakòz mwen gen pou peye Pwogram WIC la, valè benefis alimantè yo mal ban mwen yo ak lajan kach epi yo ka pouswiv mwen nan tribunal sivil oswa kriminèl dapre lwa Eta ak federal epi mwen ap diskalifye nan Pwogram WIC a.
- Mwen te, oswa mwen pral resevwa yon enstriman manje (kat eWIC) pou kay mwen an.
- Mwen te mande tout kesyon mwen genyen konsènan WIC epi yo te reponn yo.
- Mwen konprann kisa dwa ak responsablite mwen yo ye.
- Mwen konprann ke si mwen pa respekte responsablite mwen, mwen ka diskalifye nan Pwogram WIC a.

The following participants were certified on \_\_\_\_\_

# 1 _____	# 3 _____
# 2 _____	# 4 _____

---

Signature of Applicant/Parent/Guardian/Designee

---

Signature of WIC Staff

### **For Manual Certifications Only:**

**Income Determination**

**Nutrition Risk Determination**

---

Signature

---

Signature

In accordance with federal civil rights law and U.S. Department of Agriculture (USDA) civil rights regulations and policies, this institution is prohibited from discriminating on the basis of race, color, national origin, sex (including gender identity and sexual orientation), disability, age, or reprisal or retaliation for prior civil rights activity.

Program information may be made available in languages other than English. Persons with disabilities who require alternative means of communication to obtain program information (e.g., Braille, large print, audiotape, American Sign Language), should contact the responsible state or local agency that administers the program or USDA's TARGET Center at (202) 720-2600 (voice and TTY) or contact USDA through the Federal Relay Service at (800) 877-8339.

To file a program discrimination complaint, a Complainant should complete a Form AD-3027, USDA Program Discrimination Complaint Form which can be obtained online

at: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, from any USDA office, by calling (866) 632-9992, or by writing a letter addressed to USDA. The letter must contain the complainant's name, address, telephone number, and a written description of the alleged discriminatory action in sufficient detail to inform the Assistant Secretary for Civil Rights (ASCR) about the nature and date of an alleged civil rights violation. The completed AD-3027 form or letter must be submitted to USDA by:

(1) mail: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;

(2) fax: (833) 256-1665 or (202) 690-7442; or

(3) email: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

This institution is an equal opportunity provider.